

# EPIZÒD : KWASANS

MO JODI A : KWASANS

## REZIME EPIZÒD LA



Lili ak Tilou ap fè yon eksperyans syantifik : plante yon grenn pwa pou yo ka obsève tout pwosesis kwasans plant la.



Antwàn ap aprann ki jan yo fè manba, avèk èd gran sè li, Moundana.



Jozefin plante yon pye kajou nan mitan vilaj la. Tout moun te dekoraje l, di l li p ap pran. Men avèk dlo li ba li ak lanmou, ti pye kajou a grandi vin tounen yon gwo pye kajou.

## POZE TIMOUN OU YO KESYON

1. Ki sa ki te pase nan Lakou Kajou jodi a ?
2. Ki sa ou te pi renmen ?
3. Eske w sonje ki sa ki fotosentèz ? Daprè ou, pou ki sa li enpòtan pou plant yo ?

# FÈ AKTIVITE AK TIMOUN OU YO

## 1. Plante pwa

**Objektif :** Timoun nan ap obsève kwasans yon plant.

**Materyèl :** 1 ti sachè dlo vid pou chak timoun, 1 grenn pwa ak yon fèy papye pou chak timoun, 1 gwo sachè tè (nwa si posib), 1 gwo sachè sab, 1 bokit dlo, 1 bwat katon vid.

**Dire :** 30 minit (sou 5 jou)

**Etap 1 :** Fè klas la fè 2 gwoup. Yon gwoup ap sèvi ak sab, lòt gwoup la avèk tè. Chak timoun ap ranpli ti sachè dlo vid li ak swa sab oubyen tè. Chak timoun ap plante yon grenn pwa nan sachè li (pouse pwa a rantre pwofondè zong), kouvr li ak tè oubyen sab.

**Etap 2 :** Chak gwoup pral redivize an 2. Mwatye moun tè nwa yo ak mwatye moun sab yo ap gen dwa pou yo wouze. Lòt mwatye a pa gen dwa wouze. Bay chak timoun yon fèy papye. Chak timoun ap ekri non li ak sa ki nan sache li. (egzamp : sab, pwa, dlo)

**Etap 3 :** Fè timoun yo chita an 4 gwoup : 1) sab +pwa +dlo 2) sab+ pwa 3) Tè +pwa + dlo 4) Tè + pwa. Separe chak gwoup sa yo an 2 : fè yon mwatye depoze sachè yo sou fèy la nan solèy, lòt mwatye a dwe depoze sache yo sou fèy la nan bwat katon an. Fèmen bwat katon an pou li ka fè nwa ladan l.

**Etap 4 :** Nan demen maten e chak maten padan yon semenn, moun ki te deja gen dlo gen dwa pou yo wouze grenn nan ankò. Sa ki pat gen dlo premye jou a kontinye pa mete dlo.

**Etap 5 :** Apre 5 jou, chak timoun dwe pran fèy li ak sachè li. Mande timoun yo esplike sa yo wè ki rive grenn pwa a. Fè tout moun kenbe plant yo nan men yo epi rekòmanse divizyon an: 1) kanpe yon bò pou sab, yon bò pou tè. Ki diferans nou wè ? 2) Kanpe yon bò si ou mete dlo, yon lòt bò si ou pa mete dlo. Ki diferans nou wè ? 3) Kanpe yon bò si plant ou te nan solèy, yon lòt bò si plant ou te nan fè nwa. Ki sa ki bon pou yon grenn pwa jèmen ?

## 2. Fè jès diferan gwosè

**Objektif :** Timoun nan ap reprezante gwosè ak kò li.

**Dire :** 15 minit

**Etap 1 :** Mande pou tout timoun kanpe. Chwazi yon lidè k ap mande timoun yo fè yon mouvman ki gen rapò ak tèm Kwasans.

**Etap 2 :** Aprè yon lidè fin bay yon mouvman, l ap chwazi yon lòt lidè pou kontinye.

**Men kèk lide :** Fè jès wo (Tout timoun ap wose), ba (tout timoun ap bese), piti (tout timoun ap bese, fè kò yo yon ti boul), gran (tout timoun ap ouvè bra yo ak pye yo byen laj), elatriye.

## 3. Konvèsasyon an silans

**Objektif :** Timoun nan ap reponn kesyon sou papye, kote l ap devlope kapasite pou li koute, rete konsantre epi ekri.

**Dire :** 20 minit

**Materyèl :** Fèy papye, kreyon oubyen plim

**Etap 1 :** Bay chak timoun yon fèy papye kadriye.

**Etap 2 :** Poze timoun yo kesyon sou sa ki gen awè ak tèm la.

**Men kèk lide :** Ki plant ou pi renmen ? Pou ki sa se plant sa ou pi renmen ? elatriye.

**Etap 3 :** Monitè a oubyen anseyan an ap ranmase fèy yo pou li ka wè nivo timoun yo nan ekriti.

**Enpòtan :** Pandan aktivite sila, timoun nan ap rete konsantre. Li dwe koute avèk atansyon epi ekri.

